



Deklarasyon sou Enpak Ekite: Ekstansyon Kontra Transdev

Tit: Ekstansyon Kontra Transdev

Dat: 6 avril 2022

Èske yo te itilize [Racial Equity Planning Tool](#) la? Wi Non

Si wi, antre dat rankont REPT a ansanm ak lyen pou mennen w nan REPT ki fini an isit la:

Èske yon manm nan Divizyon pou Lakin nan Egalite, Estrateji ak Opòtinite a te analize deklarasyon sa a? Wi Non

Seksyon ki Gen Rapò ak Zouti Planifikasyon Egalite Rasyal BPS yo	Rezime/Motif
<p>1. Pwopozisyon/Prezantasyon ak Enpak <i>Ki rezilta ou dezire nan pwopozisyon/efò a, sitou nan zafè elimine diferans? Ki moun ki te dirije travay/planifikasyon sa a, epi èske yo refleto idantite gwoup elèv ak fanmi BPS yo (gwoup ki pi enpòtan yo se moun ki fè pati gwoup Nwa, Latino-ameriken, Azyatik, endijèn, imigran, miltileng, epi ki gen eksperyans nan Edikasyon Espesyal la)?</i></p>	<p>Lekòl Piblik Boston yo ap pwopoze pou akòde ak Transdev (ansyènman Veolia) avèk senkyèm ak dènye opsyon ekstansyon an. Ekstansyon yon ane sa t ap dewoule soti 1 Jiyè 2022 rive 30 Jen 2023. Sa p ap antrene okenn pètibasyon nan sèvis transpò distri a.</p> <p>Lidèchip Sèvis Transpò a ap jere relasyon distri a avèk TranDev. Ekip sa lajman reprezantatif demografi elèv ak fanmi BPS yo.</p>
<p>2. Aliyman ak Plan Estratejik la <i>Kijan pwopozisyon/efò a aliyen ak plan estratejik distri a?</i></p>	<p>Ekstansyon an alinye ak Angajman 5 - Kiltive Konfyans, espesyalman 5.5: Reòganize operasyon biwo santral yo pou asire pi bon kalite sèvis pou fanmi yo, ki gen ladan yo enskripsyon nan lekòl, transpò, sèvis alimantasyon ak nitrisyon yo, ak sekirite.</p> <p>Ekstansyon an ap founi yon opòtinite pou siveye pi pre pèfòmans Transdev kont mezi kle yo pou asire yon transpò rapid, san danje pou elèv BPS yo.</p>
<p>3. Analiz Done <i>Ki done yo te analize? Èske yo te divize l selon ras ak lòt gwoup ki pi enpòtan yo? Kisa l te revele konsènan diferans yo?</i></p>	<p>Depatman Transpò a ap siveye an pèmanans pèfòmans presi yo, san danje ak ponktyèl bis distri yo. Elèv koulè yo, elèv ki gen bezwen espesyal yo, ak aprenan anglè yo depann nan yon fason dispwopòsyone sèvis bis yo (pa rapò ak mach oubyen livrezon nan lekòl pa yon manm fanmi an), epi efikasite Transdev se yon faktè kle nan siksè akademik ak byenèt yo.</p>
<p>4. Angajman Aktè yo <i>Ki moun yo te angaje (kantite, gwoup ki pi enpòtan yo ak wòl), kijan ak kisa sa a bay? Kisa elèv/fanmi pwopozisyon/efò sa te pi afkete yo te di?</i></p>	<p>Distri a te resevwa yon kòmantè ekstansif konsènan sèvis Transpò nou yo nan men paran yo, elèv yo, estaf nan lekòl yo, ak defansè kominote yo nan dènye ane yo. Pati prenan yo ap kontinye sòlve divès enkyetid konsènan sekirite ak ponktyalite bis distri yo, an patikilye pandan peniri pèsònèl ane sa. Depatman Transpò, ak distri a an jeneral, angaje pou amelyore patenarya avèk TransDev ak pèfòmans pa yo.</p>
<p>5. Estrateji san Patipri sou Kesyon Ras <i>Kijan pwopozisyon/efò sa a fè bese diferans yo epi ogmante egalite rasyal ak lòt egalite? Ki konsekans ki pa volontè ki posib? Ki estrateji konplèmantè ki pral pèmèt pwosesis</i></p>	<p>Antre nan relasyon avèk yon nouvo founisè non repwouve t ap pwobableman divès enplikasyon negatif sou prestasyon sèvis yo epi t ap ogmante pètibasyon yo nan edikasyon elèv yo. Etan done ke elèv koulè yo reprezante yon laj pousantaj dispwopòsyone (89%) sila</p>

<p><i>egalite a vanse pi lwen?</i></p>	<p>yo sistèm nan ap desèvi pa sistèm transpò BPS, tout enpak negatif t ap afekte patikilyèman elèv sa.</p> <p>Yon konsekans envolonètè potansyèl ekstansyon sa se pèsèpsyon – pa Transdev, fanmi yo, ak lòt pati prenan yo – se nivo aktyèl sèvis la ki aseptab. Depatman Transpò pral kontinye fè presyon sou Transdev pou asire chak elèv BPS ki bezwen sèvis bis la rive nan lekòl la ansanm ak lakay yo alè ak an tout sekirite avèk itilizasyon mezi sou responsabilite ki dekri anba yo.</p>
<p>6 Bidjè ak Ekzekisyon <i>Ki enpak bidjè a fè? Kòman egzekisyon an ap asire tout objektif yo, sitou objektif ki gen rapò ak egalite yo, reyalize? Ki Idantite gwoup ekip egzekisyon an, epi èske y ap pote yon vizyon egalite?</i></p>	<p>Atribisyon yon pwolongasyon yon ane pou Transdev gen yon enpak bidjetè pozitif sibstansyèl. Nan pwosesis apèl dòf avan sa, frè jesyon pwopoze yo pa Transdev te enferyè pou plis pase \$2 milyon pi piti pase sa nan dezyèm soumisyonè kalifye mwens dizan. Frè aktyèl Transdev la apwoksiman \$2.9 milyon inikman lejèman pi wo pase frè BPS peye pou First Student pou menm sèvis yo nan 2004. Etan done ke chan konkiransyèl la pwobableman pi piti ke li te ye nan dènye pwosesis apèl dòf 2013 la, li wotman pwobab pou BPS ta angaje divès kou ki pi elve lontan si founisè aktyèl la pa pwolonje.</p>
<p>7. Responsablite ak Kominikasyon <i>Kòman yo pral evalye enpak, dokimante epi kominike yo ak aksyonè yo? Ki moun ki pral responsab?</i></p>	<p>Responsab Konfòmite Flòt Sèvis Transpò BPS yo pral siveye regilyèman prensipal mezi pèfòmans yo. Pèfòmans kont mezi sa yo pral regilyèman pataje ak diskite avèk lidèchip Transdev la. Mezi ki enferyè ak objektif la pral bezwen divès mezi korektif. Non respè konstan objektif yo pral antrene rezilyasyon kontra ak reemisyon yon demann pwopozisyon (RFP) pou sèvis sa.</p>